

BAB III

MÉTODÉ PANALUNGTIKAN

3.1 Méhode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méhode Panalungtikan

Métode panalungtikan numutkeun Arikunto, (2002: 136) nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikanana.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Tujuanana sangkan meunang gambaran ngeunaan geografi dialék di Kacamatan Jampangkulon Sukabumi.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta (a) observasi. jeung (b) wawancara.

a. Observasi

Observasi dilakukeun sangkan boga gambaran anu nyata ngeunaan kayaan daérah anu keur ditalungtik.

b. Wawancara

Wawancara dilaksanakeun ngaliwatan komunikasi langsung jeung masarakat.

3.2 Instrumen Panalungtikan

Arikunto (1996: 150) nétélakeun yén instrumén panalungtikan téh nya éta: alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data

sangkan pagawéan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé dina harti leuwih lengkep jeung sistématis nepi ka datana gampang diolah. Instrumén dina ieu panalungtikan nya éta:

a. Angkét

Kisi-kisi kandaga kecap dina panalungtikan ieu, nya eta:

1. istilah pancakaki aya 24 kecap;
2. kecap gaganti jeung sesebutan aya 12 kecap;
3. kahirupan désa jeung masarakat 16 kecap;
4. bagian awak 3 kecap;
5. imah jeung bagianna 26 kecap;
6. pakakas 98 : kecap
7. kadaharan jeung inuman 61 kecap;
8. panyakit 26 kecap;
9. pagawéan 18 kecap;
10. pakéan sakecap;
10. kaulinan sakecap;
11. tutuwuhan jeung bungbuahan 63 kecap;
12. sasatoan 68 kecap ;
13. kaayaan alam jeung usum 24 kecap ;
14. budi parangi 22 kecap; jeung
15. kecap pagawéan 36 kecap.

Conto angkét:

Kuésionér Informan	
Kampung.....	Désa.....
Kacamatan: Jampangkulon	Kabupatén: Sukabumi
1. Ngaran:	Jenis Kelamin L/P
2. Umur:taun. Tempat tanggal lahir.....	
(dijero/luar kampung/désa/kacamatan/kabupatén)	
3. Pendidikan:	
4. Matuh di désa ti mimiti:	
5. Kungsi/teu kungsi cicing di luar désa/kacamatan/kabupatén di.....	
Ti mimiti.....nepi ka.....	
Balik deui ka désa ti mimiti.....	
6. Kawin/can kawin	
7. Basa nu dipaké di imah:	
a. Basa.....	
b. Basa.....	
8. Basa di masarakat:	
9. Basa ditempat pagawéan:	
10. Basa lain nu digunakeun:	
Dina kasempetan.....	
Wawancara tanggal.....2008	
di.....jam.....	
Nu ngawawancara.....	

b. Padoman wawancara

Conto Padoman wawancara

Tabél 3.1
CONTO PEDOMAN WAWANCARA

NO	Kandaga Kecap	Dipikawanoh	Dipaké	Kecap séjén nu dipaké
I. PANCAKAKI				
1	Adi			
2				
3				
Jsté.				

3.3 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.3.1 Populasi

Populasi nya éta sakabéh objék anu dijadikeun bahan dina hiji kagiatan panalungtikan, boh mangrupa barang, manusa, kajadian, atawa gejala-gejala anu bakal kaalaman kudu mibanda sifat-sifat nu sarua.

Populasi dina panalungtikan ieu nya éta sajumlahing basa Sunda dialék Sukabumi di Kacamatan Jampangkulon.

3.3.2 Sampel

Numutkeun Arikunto (2002: 109), sampel nya éta sabagian atawa sakabéh populasi anu baris ditalungtik. Dina ieu panalungtikan dipaké sampel berstrata atawa *stratified sample*, sabab kecap-kecap dialék henteu ditangtukeun tina

sakabéh désa anu aya di Kacamatan Jampangkulon, tapi ngan ditangtukeun ti lima désa anu diwakilan ti beulah kaler, kidul, wétan, kulon, jeung tengah (puseur). Unggal désa ditangtukeun ku opat informan.

3.4 Léngkah-léngkah Garapan

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan dibagi kana opat tahapan nya éta, tahap tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap nganalisis data, tahap ngolah data, jeung tahap nyusun laporan.

3.4.1 Tahap Tatahar

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar ngawengku:

1. Néangan katerangan ngeunaan masalah anu bakal ditalungtik (studi pustaka),
2. Nangtukeun masalah, judul jeung rangkay panalungtikan,
3. Nyieun proposal panalungtikan,
4. Ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan,
5. Konsultasi ka Dosén pangaping.

3.4.2 Tahap Ngumpulkeun Data

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap ngumpulkeun data ngawengku:

1. Ngumpulkeun data panalungtikan,
2. Ngalaksanakeun observasi,
3. Ngayakeun wawancara,

4. Ngainpentarisir data anu asup.
5. Konsultasi ka Dosén pangaping.

3.4.3 Tahap Nganalisis Data

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap nganalisis data ngawengku:

1. Observasi lapangan,
2. Ngumpulkeun data panalungtikan.
3. Ngayakeun wawancara.
4. Ngainpertarisir data anu asup.
5. Nyieun kacindekan tina hasil analisis.

